# Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлигиниң 29 жыллығына бағышланған “Сен – қудирет дәреги, бахыт мәканы, жанажан Өзбекстаным!” ураны астында шөлкемлестирилген байрам салтанаты болып өтти

Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлигиниң 29 жыллығына бағышланған “Сен – қудирет дәреги, бахыт мәканы, жанажан Өзбекстаным!” ураны астында шөлкемлестирилген байрам салтанаты Нөкис қаласында жайласқан “Истиқлол” балалар дем алыў бағында онлайн түрде болып өтти.

Байрам салтанатына нураныйлар, илим ғайраткерлери ҳәм пидайы жаслар қатнасты.

Президент Шавкат Мирзиёев халқымызды байрам менен қутлықлады.

-Карантин шеклеўлерине қарамастан, санаат ҳәм аўыл хожалығын раўажландырыў, заманагөй ислеп шығарыў қуўатлықларын жаратыў үзликсиз даўам еттирилди. Мәмлекетимиз кәрханалары белгиленген режени орынламақта. Жыл басынан берли 9 миллиард долларлық өнимди экспортқа шығарыўға ерисилди - деди Президент. Сондай-ақ, Быйыл республикамызда бир ғана санаат тараўында улыўма баҳасы 11 миллиард доллар болған жойбарлардың иске түсирилетуғыны атап өтилди. Исбилерменлик илим-пән, билимлендириў, суд-ҳуқық тараўындағы нәтийжелерге тоқталып өтилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Шынында да, елимизде соңғы жылларда кең көлемли жумыслар әмелге асырылмақта. Сол қатары Қарақалпақстан Республикасында жүз берген өзгерислерди атап өтиў орынлы.

Атап айтқанда, Нөкис қаласы бүгин өзгеше түске енип, заманагөй көринисте өз мийманларын күтип алмақта. Республикамыздың ең алыс аймақлары болған Мойнақ, Бозатаў ҳәм Тахтакөпир районларын социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў, социаллық ҳәм ислеп шығарыў инфраструктурасын жетилистириў ҳәм абаданластырыў бағдарында оғада үлкен жумыслар әмелге асырылмақта.

Бир ғана мысал, Мойнақ районы аэропортында 71,1 млрд. сум муғдарындағы қурылыс-оңлаў жумыслары әмелге асырылып, усы жылдың 26-август күни биринши самалёт аэропортқа келип қонды.

Сондай-ақ, Бозатаў районы қайта шөлкемлестирилип, бир қатар жаңа имаратлар, атап айтқанда стадион ҳәм амфитеатр қурылып пайдаланыўға тапсырылды. Район шарўашылыққа қәнигелестирилип, шарўашылық комплекслери қурылды ҳәм сырт еллерден нәсилли қарамаллар алып келинип олардың бас санын көбейтиў жумыслары алып барылмақта.

Тахтакөпир районы халқын жоқары басымдағы тәбийғый газ бенен тәмийинлеў мақсетинде газ трубалары капитал оңланып, газ бөлистириў үскенелери жаңаланды.

Булардың барлығы халқымыздың турмысын жақсылаў, өтип атырған ҳәр бир  күнинен ырза етиў ҳәм ең баслысы ҳәр бир тараўда әмелге асырылып атырған жумысларда әдиллик нормаларының тәмийинлениўине үлкен итибар қаратылып атырғанын көрсетеди, әлбетте.

Коронавирус пандемиясы себепли быйылғы Ғәрезсизлик байрамы иқшам түрде, онлайн режимде өткерилди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети